Gid Referans Rapid pou *Rapò* MAP *sou Pwogrè Elèv*

- **RIT Elèv:**
  - "**RIT**" se abrevyasyon pou "Inite Rasch", ki pote non moun ki te kreye echèl done MAP la. Yo itilize echèl **RIT** la pou yo mezire difikilte ak konpleksite chak kesyon evalyasyon ki genyen nan MAP la. Nòt yon elèv fè nan evalyasyon **RIT** la endike nivo enstriksyon elèv la epi li mezire pwogrè elèv la fè nan lekòl la tou.
- **RIT pou Mwayèn Nivo Eskolè Distri a:**
  - Nòt mwayèn RIT pou elèv ki nan menm lekòl la ak nan menm klas nan distri a ki te teste an menm tan ak elèv pa w la
- **Nòm RIT pou Mwayèn Nivo Eskolè:**
  - Nòt mwayèn RIT pou tout elèv yo (anndan tout peyi a) nan menm klas epi ki pase tès yo nan menm tèm lan.
- **Pwojesksyon sou RIT Elèv yo**
  - Nòt RIT yo prevwa elèv la ka fè pou kou l ap swiv pandan tout yon ane akademik (tès ki fèt depi nan otòn rive nan prentan). Pwojeksyon sa koresponn sitou ak yon ane pwogresyon akademik. Pwojeksyon sou nòt RIT sa a baze sou nòt RIT aktyèl ak pwogrè mwayen elèv la fè pandan sezon otòn nan, jan nou ka obsève sa nan dènye etid sou Echèl Nòm RIT NWEA te fè a.
- **Sijè/Ane:**
  - Sijè tès (O-otòn, P=prentan, I=ivè) ak ane elèv la te pase tès la
- **RIT (+/- Er Est):**
  - Chif ki nan mitan an se nòt RIT elèv la. Chif ki sou chak bò nan nòt RIT la defini nòt +/- erè estanda a. Si l refè tès la touswit, nòt elèv la t ap gen plis chans pou l tonbe nan entèval sa a.
- **Klasman pa Pousantaj:**
  - Chif ki nan mitan an se klasman pa pousantaj oswa pousantaj elèv ki fè yon nòt RIT ki pi ba oswa ki egal ak nòt elèv ou a dapre dènye etid NWEA fè sou Nòm Echèl RIT la. Chif ki sou chak bò nan nòt RIT la defini klasman elèv la pa pousantaj. Si elèv ou a fè tès MAP la plizyè fwa sou yon kout peryòd tan, klasman pa pousantaj li a ap tonbe pi souvan nan entèval sa a.
- **Klasman Lexile:**
  - Yon nòt ki parèt konsa (klasman sou 150 pwen) ki soti nan yon korelasyon ant Lekti RIT la ak echèl MetaMetrics Lexile la. Echèl Lexile la ede nou idantifye ki materyèl lekti ki bon pou elèv yo.